

Avi sou Dèt ki Pa Verifye¹

Dat:	
Non Legal Biznis Moun k ap Rekipere Dèt la:	
Adrès Lokal Biznis la:	
Nimewo Telefòn Biznis la:	Adrès Imèl Biznis la:

Non Konsomatè a:
Adrès Konsomatè a:
Nimewo Kont Konsomatè a pou Dèt la:

Remak: Tèm « nou » ak « nou menm » yo fè referans ak Moun k ap Rekipere Dèt ki site anwo a.

Nan dat _____, nou te resevwa kontestasyon ou oswa demann ou pou verifye
[Dat]

dèt yo mansyone anwo a. Lwa NYC egzije nou bay dokiman espesifik ki konfime validite dèt la nan 60 jou.

Nou pa t kapab verifye dèt la nan delè yo egzije a. Ou ap resevwa avi sa a an anglè ak nan tout lòt lang nou te itilize pou kominike avèk ou sou dèt sa a.

Enfòmasyon Enpòtan sou Dwa Ou kòm yon Konsomatè nan Vil New York

- Nou dwe sispann nenpòt lòt efò pou rekipere dèt ou konteste a jiskaske nou kapab bay verifikasyon ki kòrèk.
- [Mete sa si biznis ou te rapòte enfòmasyon negatif bay yon ajans rapò sou konsomatè]*
Nou te rapòte enfòmasyon negatif sou dèt sa a bay yon ajans rapò sou konsomatè. Nou te voye yon mizajou pou montre dèt la konteste. Gade dat ki anba yo. N ap bay ajans rapò sou konsomatè a yon kopi Avi sou Dèt ki Pa Verifye sa a tou si yo mande li.

Dènye Dat Rapò Enfòmasyon Negatif la	
Dat Mizajou a te Voye	

¹ Avi sou Dèt ki Pa Verifye pou Kreyansye Orijinal oswa Kreyansye ki te Bay Dèt la okòmansman itilize, jan sa defini nan 6 RCNY 5-76.

- **Kenbe Avi sou Dèt ki Pa Verifye sa a.** N ap kenbe avi sa a tou nan dosye kont ou. Bay yon kopi avi sa a bay nenpòt lòt moun k ap rekipere dèt ki ap eseye rekipere sou kont sa a.
- Dapre Lwa NYC, okenn lòt moun k ap rekipere dèt pa ka rekòmanse rekiperasyon sou dèt sa a ki pa verifye sof si yo ba ou dokiman ki verifye validite dèt la.
- N ap transfere Avi sou Dèt ki Pa Verifye sa a si nou vann oswa bay dèt la, mete kont sa a nan men yon avoka pou pouswiv lajistis, oswa si nou retounen kont la bay yon kreditè, pwopriyetè dèt la, oswa yon lòt antite ki te mete kont la lakay nou.

Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè NYC (NYC Department of Consumer and Worker Protection, DCWP) kontwole pratik rekiperasyon dèt nan Vil New York. Ale sou nyc.gov/dcwp pou plis enfòmasyon, tankou Glosè Tèm Komen pou Rekouvremant Dèt ak Deklarasyon Dwa Konsomatè, oswa pou depoze yon plent.